Pou Piblikasyon Imedya: 04/05/2019 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU LANMÓ PWOKIRÈ DISTRIK QUEENS LAN RICHARD A. BROWN

"Jodi a nou an dèy pou pèt Richard Brown, yon jeyan nan kominote jiridik la ak yon fonksyonè devwe ki te pase sis deseni nan sèvi moun New York.

Papa m te rekonèt entèlijans Jij Brown lè li te nome li pou sèvi kòm Pwokirè Distrik Konte Queens epi 27 apre pwouve li te gen rezon. Jij Brown te konbat ak siksè pou kreye katye yo ki gen plis sekirite epi redui krim nan awondisman li an. Li te atake fleyo adiksyon opyoyid la, li te konbat pou pwoteje viktim vyolans domestik yo, li te travay pou mete fen nan trafik moun ak anpil ankò.

Nou gen yon dèt pou tout tan anvè Jij Brown pou sèvis li pou Eta sa a; nou ap sonje li anpil.

Nan non tout fanmi an New York la, mwen voye pi pwofon kondoleyans bay moun pwòch Jij Brown yo nan moman ki difisil anpil sa a, espesyalman madanm li Rhoda, twa pitit li yo ak de pitit pitit li yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU